

**NGARONJATKEUN HASIL DIAJAR SISWA KELAS IV SUBTEMA PEMANFAATAN
KEKAYAAN ALAM DI INDONESIA NGAGUNAKEUN MODEL PANGAJARAN
PROBLEM BASED LEARNING**

Oleh

Diah pitaloka

135060283

Abstrak

Eusi panalungtikan ieu ngeunaan model *Problem Based Learning* anu tujuanna ngaronjatkeun hasil di ajar siswa kelas IV SDN Cicadas Barat Bandung anu subtemana *KEKAYAAN ALAM DI INDONESIA*. Anu disanghareupan ku ieu pangajaran nya èta metode ceramah, puseur ieu pangajaran ngan saukur ka guruna henteu ngalibatkeun siswa anu ngabalukarkeun kurang ngirut minat jeung motivasi siswa diajar jeung siswa jadi kurang aktif dina proses kagiatan pangajaran. Model *Problem Based Learning* bisa ngaronjatkeun hasil diajar siswa dina prosès pangajaran sangkan tujuan pangajaran bisa kahontal. Metode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya èta metode *Penelitian Tindakan Kelas* (PTK), rarancang metode panalungtikan ningali dina model anu dimekarkeun ku Arends dina Abbas (2013:66). Tèknik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya èta tèès, obserasi, wawancara, dokumentasi, angket, jeung catatan lapangan dumasar kana pelaksanaanna tindakan anu dilakukeun ngawengku 3 siklus, tina sadaya proses ieu panalungtikan kabuktos yèn ayana parobihan tina data awal prosès pangajaran. Data anu dicangking dina rarancang pelaksanaanna, pangajaran siklus I ngahasilkeun persentase 64.5, siklus II 75, siklus III 95. Sedengkeun kanggo pelaksanaan pangajaran siklus I ngahasilkeun 75, siklus II 85.5, siklus III nhasilkeun 95. Tina hasil panalungtikan kacangking presentase siklus I 65%, siklus II 80%, siklus III 90%. dina hasil siswa diajar anu ngawengku ranah afektif, kognitif, jeung psikomotor anu nyangking persentase siklus I 67.7%, siklus II 75%, siklus III 80%. Dina hasil angket siklus I 68%, siklus II 75%, siklus III 98%. Dina data ieu bisa dicindekkeun yèn penerapan model *Problem Based Learning* bisa ngaronjatkeun hasil diajar siswa kelas IV SDN Cicadas Barat Kota Bandung dina subtema Pemanfaatan Kekayaan Alam di Indonesia

KecapGaleuh : Model Problem Based Learning, Hasil Belajar

